

# «Наречие»

Магомедова А.Х.



# Глагол такрар гьабизе тест

**1. Глаголалъул байбихьул формалъун щиб рикIкIунеб?**

А) Глаголияб цIар
Б) Деепричастие
В) Инфинитив

**2. Журарал глаголал рихьизаре:**

А) ХIалтIулев вуго
Б) БерчIвала
В) КIалъазе вуго

**3) Глаголалъул такрарлъиялъул форма лъугьунел суффиксал рихьизаре.**

А) –р-, -д-, -дар-, -олд-
Б) –й-, -ин-, -ге-, -ги
В) –ни-, -ани-.

**4) ТIалабияб наклонениялъул глаголал рате:**

А) кьурдана, басандичIо
Б) нечезаве, таруге
В) хIалтIаравани, гьабуни

**5. Чан наклонение бугеб глаголалъул?**

А) 5 б) 4 в) 2

**6. Чан заманияб форма бугеб глаголалъул?**

А) 3 б) 5 в) 4

**7. Хабарияб наклонениялда ругел глаголаз щиб бихьизабулеб?**

А) буюрухъ, малъа-хъвай,
Б) иш лъугьиналъул яги лъугьинчIолъиялъул
В) хасал ресал , шартIал ругони гурони, лъугьунарел ишал рихьизарула.



# Глаголалъул морфологияб разбор гьабе

- **Предложение членазде биххе. ТIад каламалъул бутIаби рихьизаре. Глаголалъул морфологияб разбор гьабе.**

Вацас дие бачIана гIажаибго берцинаб аргъан.

***(Вацас) бачIана - гл., б.ф. – бачIине, гIадат., х.нак., буг.ф., тIадчIараб***

***- ГIажаибго – рагIуе суал лъе.***

***- Кинаб каламалъул бутIа гьеб кколеб?***

***ь***



Предложениялда жаниб иш лъугьараб куц,бакI,заман, къадар,гIилла-мурад баян гьабулеб каламалъул часталда наречие абула. ХъачIго(кин?),цебе(киб?),жакъа(кида?) квешезе (щай?),кепалъе (сундуе гIоло?),гIемерго (кигIан?)

# Наречие чIезабулеб къагIида

1. Наречие формабазде хисуларо
2. Кидаго цогидаб рагIуда нахъбилълъараб букIуна
3. ГIемерисеб глаголияб формаялда бухьараб букIуна
4. Киб? Кида? Кин? Щай? Сундуе гIоло? КигIан? – суалазе жаваблъун бачIуна.



# КӀочонге

- Деепричастиялги глаголаздасан лъугьарал наречиялги магӀнаялъул рахъалъ гӀагарал руго. Гьезда гьоркьоб буго гьадинаб батӀалъи:

1. Деепричастие букӀуна араб ва гӀахьалаб заманалда
2. Наречиязул заманияб форма букӀунаро

- Суффиксалги гьезул руго батӀи-батӀиял



# Масала

***Деепричастие:***

- н, - го

Кlалъан

Кlалъалаго

Ахlун

ахlулаго




- ***Наречие***
- -гlан, -дал, -хъе, -го, -духъ.
- Кlалъанагlан
- Кlалъайдал
- Кlалъаледухъ
- Кlалъахъего

# Малъараб материал щула гьаби

- ***Гьал предложениязда жанир наречиял рате. Аслияб рагIиялдасан наречиялде суал лъе.***

1. Гьанже цIакъго къваригIун буго сабруги рекъелги.
2. ТIоцеве космосалде вахана нилъер улкаялъул вакил.
3. Гъваридго лъазе ккола лъималазда гIелму.
4. РикIкIа-рикIкIадаги руго нилъер гьудулзаби.
5. Цевего вуссана Муса рохьоса.
6. Гьоба цебе буго батIияб улка, нахъехун хутIана хирияб ВатIан.
7. Аргъанги босана ургъунго цадахъ, цо ракIбакъварабго къиркъизабизе.
8. КIицIул вусса, цIовукь босе. (К.)



- **Подлежащеязде балагьун, предложениял хисизаре ва кьералккун цIале**.

**Дораса цере-цере рекерун рачIунел рукIана чуял.**

_____ ________ ________ _______ _____ чапар.

_____ ________ ________ _______ _____ СалихIат.

_____ ________ ________ _______ _____ дегIен.

_____ ________ ________ _______ _____ Сайгид.

***- Наречиязе суал лъе. Гьезда гъорлъ ругел жинсиял гIаламатал рате ва гьел хисулеб куцалде кIвар кье.***



# Дарсил хIасилал гьари



Оптими
ст




Писсими
ст



- Бокьанищ, лъимал, нужее дарс?
- Щиб  лъараб жакъасеб дарсида нужеда?
- Качествиял прилагательноял кинал кколел?
- Цойги кинал тайпаби ругел прилагательноялъул?



# Рокъобе хIалтIи

- *§ 70*
- ***ХIалтIи 4, гьум. 191***




